



## RÈG POU RÈGLEMAN KONJE PEYE

Règleman konje peye yon patwon dwe satisfè oswa depase egzijans Lwa konsènan Konje Maladi Peye (Paid Sick Leave Law). Anplis bay anplwaye a Avi sou Dwa Anplwaye nan lang Anglè epi, si li anvigè, nan lang natifnatal anplwaye a, patwon ki chwazi pou egzije nenpòt nan ki endike anba la yo dwe ajoute kondisyon an nan règleman konje maladi alekri yo:

1. **Kantite konje minimòm pa jou.** Patwon yo ka fikse yon kantite minimòm konje maladi, ki pa depase kat (4) èdtan, anplwaye yo dwe itilize nan yon jou. Anplwaye yo ta dwe resevwa avi konsènan kantite konje minimòm sa a nan règleman konje maladi alekri patwon an.
2. **Kondisyon pou preyavi.** Patwon yo ka egzije pou yon anplwaye bay yon preyavi sou apeprè sèt (7) jou, alekri, pou yo fè konnen bezwen yo pou itilize konje maladi pou rezon yo ka prevwa. Si yon anplwaye pa kapab prevwa bezwen pou konje maladi li, patwon an ka egzije anplwaye a pou li bay preyavi a imedyatman li kapab. Metòd pou anplwaye yo bay preyavi a dwe endike nan règleman konje maladi peye alekri patwon an.
3. **Egzijans pou bay dokiman medikal.** Patwon yo ka egzije yon anplwaye pou li bay dokiman yon pwofesyonèl swen sante lisansye sèlman apre yon anplwaye itilize plis pase twa (3) jou travay youn-apre-lòt kòm konje maladi epi pa mwens pase sèt (7) jou apre anplwaye a retounen travay. Dokiman sa a kapab konfime:
  - Bezwen pou kantite konje peye anplwaye a itilize
  - Konje maladi anplwaye a te itilize pou rezon ki otorize anba lalwa

Patwon yo dwe ajoute nan règleman konje maladi alekri yo konsekans ki genyen lè yon anplwaye pa bay dokiman medikal jan sa obligatwa apre anplwaye a retounen travay.

4. **Egzijans pou verifye anplwaye a.** Patwon yo ka egzije anplwaye yo pou konfime si yo te itilize konje maladi yo pou youn nan rezon ki otorize anba Lwa konsènan Konje Maladi Peye (Paid Sick Leave Law). Règleman konje maladi alekri yon patwon ta dwe gen ladan metòd pou verifikasyon anplwaye a, tankou nenpòt fòm ki obligatwa. (Yo bay yon modèl fòm nan sou sitwèb Lwa konsènan Konje Maladi Peye (Paid Sick Leave) Depatman Afè Konsomatè (Department of Consumer Affairs) nan [nyc.gov/PaidSickLeave](https://nyc.gov/PaidSickLeave).)
5. **Previzyon pi gwo pòsyon konje bonè.** Si patwon yo chwazi pou prevwa pi gwo pòsyon konje maladi yo bonè yon fason pou tout anplwaye yo kòmanse ane almannak patwon an avèk 40 èdtan konje maladi, yo ta dwe mete sa nan règleman konje maladi alekri yo.
6. **Peman konje maladi anplwaye yo pa pran.** Règleman yon patwon pou peman (si genyen) dwe endike nan règleman konje peye alekri a. Patwon yo ka peye jiska 40 èdtan konje maladi anplwaye yo pa pran nan fen ane almannak patwon an, sèlman si patwon an prevwa 40 èdtan konje peye bonè nan kòmansman nouvo ane almannak la. Patwon yo ka peye konje peye anplwaye yo pa pran nan fen travay yon anplwaye. Patwon yo pa janm gen pèmasyon pou peye konje maladi si li an anpile paske sa ta kite anplwaye yo san yon posiblite pou pran konje nan travay yo pou pran swen tèt yo oswa manm fanmi yo.
7. **Don konje maladi anplwaye yo pa pran.** Patwon ki kite anplwaye yo fè don konje maladi yo pa pran ba lòt anplwaye ta dwe mete metòd yo pou fason pou anplwaye yo fè sa nan règleman konje maladi peye yo.
8. **Yon nòt konsènan lòt règleman sou konje.** Si yon patwon bay anplwaye yo konje pou lòt rezon, tankou vakans oswa konje pèsònèl, patwon an pa gen pou bay tan siplemantè ki la pou konje maladi si anplwaye y kapab itilize konje a pou konje maladi epitou si règleman patwon an satisfè lòt kondisyon Lwa konsènan Konje Maladi Peye (Paid Sick Leave Law). Patwon ki nan sitiasyon sa a ap gen pou bay anplwaye yo Avi konsènan Dwa Anplwaye (Notice of Employee Rights) epi yo ka vle tache yon memorandòm ki eksplike kijan anplwaye yo kapab itilize tan konje yo pou konje maladi yo.